

OBJECTIF D'APPRENTISSAGE

Au terme de la leçon, l'élève sera en mesure de comparer le rôle du Saint-Esprit agissant dans une âme humaine à celui de l'eau, de l'huile, du sceau et du vent.

11 – LÈ M WÈ...MWEN SONJE



Lè m wè you femèl pijon ap vole,
Lè m wè l ap paweze tout kote,
Mwen sonje Sentespri a.
Mwen santi m wè li nan flèv jouden an.


Lè m wè boukan dife kap fè zigzag,
Lè m wè kout zèklè k sanble dife,
Mwen sonje Sentespri a.
Mwen santi m wè l nan jou pannkòt la.

Lè m wè bon dlo k ap koule toupatou,
Lè m wè jan m paka viv san dlo,
Mwen sonje Sentespri a.
Mwen santi l ap rafréchi nanm mwen.

Lè m wè lwildoliv nan sèvis lakwizin,
Lè m wè kantite travay lwildoliv ap fè,
Mwen sonje Sentespri a.
Mwen santi l ap mennen m pou m ka fè sa ki bon.

Lè m wè yon so k poze sou papyè,
Lè m wè bann ak pakèt valè so genyen,
Mwen sonje Sentespri a.
Sa se avalwa m nan fanmi Bondye a.

Lè m wè ki kalite zafè van ap fè,
Lè m wè pisans van genyen,
Mwen sonje Sentespri a.
Mwen fèt pou m rete sou kontwòl li.






Je dois laisser le Saint-Esprit se manifester dans ma vie pour ma joie la plus complète.

ACTIVITÉS D'APPRENTISSAGE

-I- Site 6 bagay nan tèks la ki fè n sonje Sentespri a.

- a) _____
- b) _____
- c) _____
- d) _____
- e) _____

-II- Nan tout desen sa yo, mete yon kwa sou sa yo ki fèn sonje Sentespri a.



-III- Ekri twa bagay Sentespri a ka fè pou ou:

- a) _____
- b) _____
- c) _____

-IV- Mete « V » si fraz la di sa ki vre osinon « F » si fraz la di sa ki pa vre :

- a) _____ Sentespri a se yon femèl pijon (colombe).
- b) _____ Sentespri a ap fè menm travay ak dife.
- c) _____ Sentespri a se yon bout lang.
- d) _____ Sentespri a se yon ti boukan dife.
- e) _____ Sentespri a fè menm travay yo so ka fè.

-V- Ki sa lwa desen ki nan paj 58 la vle fè ou wè ?

-VI- Di poukisa yon kretyen paka viv toutbon vre si li pa gen Sentespri nan la vil l.

VERSET À RETENIR

1 Corinthiens 12 : 7

*À chacun la manifestation de l'esprit
est donnée pour l'utilité commune.*